

### BAB III

#### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan morfologis dina naskah drama anu disusun ku siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014. Sedengkeun anu jadi sumber datana nyaéta naskah drama anu disusun ku siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014. Tina éta sumber data téh dicatet kasalahan morfologisna, anu ngawengku: 1) kasalahan ngagunakeun kecap asal/salancar; 2) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rundayan; jeung 3) kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan. Naskah drama anu dianalisis dina ieu panalungtikan aya 22. Nomer naskah drama disusun sacara alfabét. Ieu hal baris katitén dina tabél karangan naskah drama di handap.


Tabél 3.1 Judul Karangan Naskah Drama

No.	Judul Naskah Drama	Kelas
(1)	(2)	(3)
1.	ABG Cararentil	IX – 4
2.	Babarengan	IX – 4
3.	Bonganna	IX – 5
4.	Copét Ditonjokan	IX – 2
5.	Garong Jenius	IX – 1
6.	Jurig Pulpén	IX – 1
7.	Kagoréngan Budak Ayeuna	IX – 6
8.	Maling Cipeuw	IX – 4
9.	Néangan Dasasila	IX – 9
10.	Ngedul	IX – 8
11.	Ngimpi Goréng	IX – 9
12.	Nurléla	IX – 9
13.	Pengamén Jadi Pahlawan	IX – 5
14.	Pikét Sakola	IX – 10

(1)	(2)	(3)
15.	Sahabat Nu Katunda	IX – 8
16.	Si Playboy	IX – 1
17.	Sinderéla Gadungan	IX – 10
18.	The Raid KW 2	IX – 9
19.	Tukang Maling Duit Warga	IX – 10
20.	Tukang Loték	IX – 2
21.	Tukiem Janten <i>Girlband</i>	IX – 9
22.	Ucing Sumput	IX – 5

### 3.2 Desain Panalungtikan

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu dihandap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

### 3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa stratégi, prosedur, cara-cara pikeun ngumpulkeun, nganalisis, jeung midangkeun objék panalungtikan (Ratna, 2010, kc. 467).

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 151). Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif.

Nurutkeun Ratna (2010, kc. 337), méthode déskriptif nyaéta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hiji hal, tanpa nguji hipotésis. Ieu méthode leuwih loba matalikeun kecap-kecap ti batan angka-angka atawa barang-barang budaya naon waé nu geus ditarjamahkeun kana wangun basa boh lisan boh tulisa. Tujuan méthode déskriptif nyaéta pikeun nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan fakta-fakta.

Dumasar kana masalah jeung tujuan nu hayang kahontal, ieu panalungtikan ngagunakeun méthode déskriptif, nyaéta méthode nu bisa ngungkulan pasualan-pasualan anu aktual ku jalan ngumpulkeun data, ngaklasifikasikeun data, nganalisis, jeung nafsirkeun data (Surakhmad, dina Sugiyono, 2008, kc. 10).

Anu jadi dasar dipakéna méthode déskriptif nyaéta ieu méthode bisa leuwih museur dina ngungkulan pasualan-pasualan anu keur disanghareupan. Unsur-unsur anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan ngagunakeun wangun kecap asal/salancar, kasalahan ngagunakeun wangun kecap rundayan, jeung kasalahan ngagunakeun wangun kecap rajékan.

### 3.4 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan salah tafsir jeung sangkan aya cecekelan dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah anu perlu dijéntrékeun. Éta istilah téh patali jeung judul ieu panalungtikan, nyaéta kasalahan morfologis, jeung naskah drama.

#### 3.4.1 Kasalahan Morfologis

Kasalahan morfologis nyaéta kasalahan ngagunakeun kaédah basa anu ngawengku ngararangkénan (afiksasi), ngarajék (réduplikasi), jeung ngantétkeun

(komposisi). Ari kasalahan morfologis anu rék didésripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta pilihan kecap anu teu luyu jeung kaédah morfologis nu ngawengku kasalahan ngagunakeun kecap asal/salancar, ngararangkénan (afiksasi), jeung ngarajék (réduplikasi).

### 3.4.2 Naskah Drama

Dina ieu panalungtikan anu dimaksud naskah drama nyaéta karangan nu mangrupa carita atawa lakon dina wangun paguneman. Ieu karangan drama téh miboga rupa-rupa ciri, nyaéta (1) upama ditilik tina kalimah anu digunakeunana, drama lolobana ngagunakeun kalimah langsung, nyaéta kalimah anu dikedalkeun ku palaku; (2) aya bagian anu nerangkeun tingkah laku palaku, latar tempat, jeung latar waktu.

Tina wujud lahiriahna, karangan drama ngandung hal-hal saperti pertélaan palaku, babak jeung adegan, candraan, prolog jeung épilog, jeung paguneman.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan anu dipaké pikeun ngumpulkeun data, digunakeun instrumén anu mangrupa lembar tés ngarang. Eusina mangrupa pituduh pikeun nyusun karangan naskah drama sacara kelompok. Instrumén panalungtikanana, ngawengku lembar tés ngarang jeung kartu data.

#### a. Lembar Tés Ngarang

Ieu lembar tés ngarang eusina pituduh katangtuan nulis karangan jeung lembar karangan, anu mangrupa kertas kosong pikeun ngarangna. Ieu lembar tés ngarang diébréhkeun saperti ieu di handap.

<p style="text-align: center;"><b>TÉS NGARANG</b></p> <p>Saméméh kelompok hidep molahkeun atawa ngaragakeun drama dumasar kana naskah drama, prak ayeuna jieun heula naskah dramana luyu jeung kamampuh hidep kalawan téma bébas! Gunakeun kecap nu merenah jeung éjahan basa Sunda anu bener!</p>
Nama Anggota Kelompok:
Kelas:
Naskah Drama

### b. Kartu Data

Kartu data dipaké pikeun nyatet kasalahan morfologis anu aya dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014. Dina kartu data dicatet informasi anu mangrupa no. Data, kecap nu ngalaman kasalahan morfologis, kode data, kecap nu benerna, jeung tipe kasalahan morfologisna. Ieu format kartu datana baris dijéntrékeun saperti ieu di handap.

(No.data)	
Kalimah	: .....
Kecap	: .....
Kode	: (kelas/nomer naskah drama/jajaran)
Kuduna	: .....
Tipe Kasalahan	: .....

### 3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Teknik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta téhnik tés. Téhnik tés digunakeun pikeun ngumpulkeun data karangan naskah drama anu disusun ku siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014. Ari ngumpulkeun datana ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Ngayakeun tés ngarang naskah drama;
- 2) Ngumpulkeun hasil karangan siswa;
- 3) Macaan hasil karangan siswa;
- 4) Nyirian kasalahan morfologis dina karangan; jeung
- 5) Nyatet kasalahan-kasalahan morfologis kana kartu data.

### 3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis unsur langsung. Ari unsur anu dianalisisna nyaéta unsur-unsur kasalahan morfologis dina karangan naskah drama siswa kelas IX SMPN 6 Bandung Taun Ajaran 2013/2014.

Rina Tesya Anggraeni, 2014

KASALAHAN MORFOLOGIS DINA KARANGAN NASKAH DRAMA SISWA KELAS IX SMPN 6 BANDUNG  
TAUN AJARAN 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Éta data diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- 1) Ngadaptarkeun kasalahan morfologis tina kartu data;
- 2) Nganomeran jeung ngodean data kasalahan morfologis;
- 3) Nyieun papasingan data dumasar kana tipe kasalahan morfologis;
- 4) Nganalisis kasalahan morfologis tina karangan naskah drama siswa;
- 5) Ngadéskripsikeun jeung napsirkeun kasalahan morfologis; jeung
- 6) Nyieun kacindekan tina hasil ngolah data.

